



**PREZIDAN KONTE MIAMI-DADE
DENNIS C. MOSS
DISTRİK 9**

Pou Piblikasyon Imedya
août 9, 2010
9029

Kontak Deprès: Griselle Marino
786-473-

**Prezidan Komisyon Konte Dennis C. Moss, Sèvis Sitwayènte ak Imigrasyon Lèzetazini,
Konsèy Meksiken- Ameriken, ak Radyo RCH pral prezante yon
Sesyon Enfòmasyon sou Imigrasyon nan Distrik 9**



MIAMI, FI – Kòm Konte Miami-Dade se “Pwen Daksè Lèzamerik,” Biwo Prezidan Dennis C. Moss an kolaborasyon ak Sèvis Sitwayènte ak Imigrasyon Lèzetazini (sig Angle USCIS) pral prezante yon sesyon enfòmasyon sou imigrasyon nan Distrik 9. Evennman sa-a ap fèt jedi 19 dawout 2010 apati de 7:00pm a 9:00pm nan Sant Kominotè Phichol Williams, 951 SW 4th St. Homestead, FL.

Konsèy Meksiken-Ameriken ak Radyo RCH, ansanm ak USCIS pral pataje enfòmasyon ki pral ede piblik la atravè pwosesis natiralizasyon an, jwenn dokiman imigrasyon legal, TPS la ak lòt koze nan zafè imigrasyon. USCIS pral pwofite tou distribye materyo pou etidye pou tès natiralizasyon an gratis ti cheri.

Nan mwa oktòb 2008, USCIS te revize tès natiralizasyon an pou ranfòse jefò asimilasyon nan mete aksan sou konsèp demokrasi, istwa Lèzetazini, epi dwa ak responsabilite sitwayen yo. USCIS poste sou sit entènèt li an <http://www.uscis.gov/newtest> nouvo 100 kesyon ak repons, pati lekti ak lis vokabilè tès la epi repons a kesyon ki plis poze yo ak plizyè lòt enfòmasyon sou tès la.

Pou plis enfòmasyon sou evennman sa-a, tanpri kontakte Unita Gustave nan (305) 245-4420.

KIYÈS: Prezidan Komisyon Konte Dennis C. Moss, Sèvis Sitwayènte ak Imigrasyon Lèzetazini, Konsèy Meksiken-Ameriken, ak Radyo RCH

KISA: Sesyon Enfòmasyon sou Imigrasyon pou ede rezidan yo nan Distrik 9 ak pwosesis natiralizasyon an, elatriye.

KILÈ: jedi 19 dawout 2010 apati de 7:00 p.m. a 9:00 p.m.

KIKOTE: *Phichol Williams Community Center, 951 SW 4th St. Homestead, FL.*